



Deklarasyon Dwa ak Responsablite Pasyan yo

Nicklaus Children's Hospital ak sant medikal li yo gen yon responsablite pou bay pitit ou swen medikal ki apwopriye. Sa ki endike anba la a se yon seri prensip debaz pou nou bay pasyan yo swen medikal. Li enpòtan pou ou konnen kisa dwa pitit ou ye lè li se yon pasyan epitou ki dwa ak obligasyon ou lè ou se yon paran ak itilizatè lopital sa a. Nou ankouraje ou pou pale avèk moun ki patisipe nan swen medikal pitit ou. Men yon rezime dwa ak responsablite ou yo.

Oumenm ak pitit ou gen dwa pou:

- Jwenn tretman avèk koutwazi ak respè, avèk apresyasyon diyite endividyèl li, epitou avèk pwoteksyon bezwen li pou entimite.
- Yon repons ki rapid ak rezonab pou kesyon ak demann ou yo.
- Konnen kimoun ki ape ofri sèvis medikal, ak kimoun ki responsab pou swen li.
- Patrisipe nan devlopman ak realizasyon plan swen lasante pou pasyan a
- Konnen ki sèvis sipò pou pasyan ki disponib, epitou si yon entèprèt disponib si pasyan an pa pale lang Anglè.
- Konnen ki prensip ak règleman ki aplike pou konduit li.
- Pwofesyonèl swen sante a ba li enfòmasyon konsènan dyagnostik, pwosesis tretman ki planifye a, lòt chwa tretman, risk ak sa ki kapab rive.
- Refize nenpòt tretman, sof si lalwa otorize lekonntrè.
- Resevwa, sou demann, tout enfòmasyon ak konsèy ki nesèsè sou disponiblite resous finansye ki la pou swen li.
- Konnen, sou demann epi anvan tretman an, si pwofesyonèl swen sante a, oswa sant swen sante a aksepte tarif afektasyon Medicare.
- Resevwa, sou demann, anvan tretman an, yon estimasyon rezonab de frè pou peye pou swen medikal la.
- Resevwa yon kopi bòdwo ki detaye aklè, yon fason rezonab epi ki fasil pou konprann, sou demann, pou jwenn eksplikasyon sou frè yo.
- Aksè san paspouki nan tretman medikal oswa nan aranjman, kèlkeswa ras li, peyi kote li fèt, relijyon li, andikap li oswa kote li ape jwenn lajan pou li peye.
- Tretman pou nenpòt pwoblèm medikal pou ijans ki kapab vini pi grav si li pa jwenn tretman an.

- Konnen si tretman medikal la se pou yo fè rechèch eksperimental epi pou bay konsantman li oswa refi li pou li patrisipe nan rechèch eksperimental la.
- Fè doleyans espesyal konsènan nenpòt vyolasyon dwa li, jan sa endike nan lwa Florida, dapre pwosedi pwofesyonèl swen sante a oswa sant swen sante kote li jwenn sèvis la, epitou nan ajans leta apwopriye ki bay lisans.
- Nicklaus Children's Hospital konfòm ak lwa sou dwa sivil Federal ki aplikab yo e li pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, peyi orijin, laj, enfimite oswa sèks.

Yon pasyan (oswa fanmi/responsab legal li) responsab pou:

- Bay pwofesyonèl swen sante a, dapre tout sa li konnen, enfòmasyon ki egzat ak konplè plent li fè yo, maladi li te genyen, tout lè ke li te entènè nan yon lopital, medikaman li ape pran, ak lòt afè ki asosye avèk sante li.
- Rapòte ba pwofesyonèl swen sante a nenpòt chanjman li remake nan eta sante li.
- Rapòte ba pwofesyonèl swen sante a si li konprann yon pwosesis aksyon ki anvizaje ak sa yo mande li pou fè.
- Swiv plan tretman pwofesyonèl swen sante a rekòmande pou li.
- Ale nan randevou li yo epi, lè li pa kapab fè sa pou nenpòt ki rezon, li gen responsablite pou fè pwofesyonèl swen sante a oswa sant swen sante a konnen sa.
- Aksyon li yo si li refize tretman an, oswa si li pa swiv enstriksyon pwofesyonèl swen sante a.
- Asire li satisfè obligasyon finansye yo pou swen sante li resevwa a san pèdi tan.
- Swiv règ sant swen sante a avèk règleman ki afekte swen sante ak konduit pasyan.

Gid pou Vizit:

- Chak pasyan/paran(yo), responsab legal avèk/oswa reprezantan responsab legal la (oswa moun ki bay sipò, lè genyen) ap resevwa enfòmasyon nan moman admisyon li nan lopital la, sou dwa li genyen, selon konsantman li, pou resevwa vizitè li chwazi, tankou, men pa sèlman, yon madanm/mari, yon patnè nan kay (tankou patnè nan kay ki gen menm sèks avèk li), yon lòt manm fanmi, oswa yon zanmi, ak dwa li genyen pou anile konsantman an nenpòt lè;

- Pa mete restriksyon sou privilèj vizit yo, pa limite privilèj vizit yo, oswa pa bay refi pou privilèj vizit yo akòz ras, koulè, peyi kote ou fèt, relijyon, sèks, idantite jan, preferans seksyèl, oswa andikap; epi
- Asire tout vizitè yo jwi privilèj vizit la nèt dapre preferans pasyan an
- Tout vizitè yo pa ta dwe gen sentòm maladi kontajye ak maladi yo konnen yo ekspozè pou pran

Remak yo enpòtan:


Depatman Relasyon Pasyan ak Vizitè responsab pou pouswiv avèk/oswa refere nenpòt kesyon, enkyetid, plent oswa doleyans ou ka genyen sou dwa ou ak sou kalite swen sante ak sèvis ou resevwa nan Nicklaus Children's Hospital ak rezo sant medikal pasyan ki pa entènè li yo. Ou kapab kontakte ekip Relasyon Pasyan ak Vizitè dirèkteman nan ekstansyon 4400, oswa ou kapab mande nenpòt manm ekip la pou li kontakte yo sou non ou. Si se yon ijans, tanpri rele operatè lopital la (peze 0) epi mande pou yo bipe Administratè Operasyon an. Nou ap kontan rezoud nenpòt pwoblèm oswa enkyetid ou kapab genyen konsènan swen pitit ou.

Si ou ta dwe gen nenpòt kesyon oswa plent konsènan kalite swen sante yon pwofesyonèl swen sante oswa yon sant swen sante bay, ou ka kontakte Administrasyon Ajans pou Swen Sante a nan nimewo 1-888-419-3456 oswa voye yon lèt ba:

AGENCY FOR HEALTH CARE ADMINISTRATION
Consumer Assistance Unit
2727 Mahan Drive
Tallahassee, FL 32308-5403

Oswa ba DNV Healthcare:
<https://www.dnvhealthcareportal.com/patient-complaint-report>
Nimewo pou Rele Gratis: 1-866-496-9647
Faks: (281) 870-4818

Nou apresye remak ak enkyetid ou.



**Nicklaus
Children's
Hospital**